



Hackensack  
Meridian *Health*  
JFK Medical Center

---

**KALITE RÈGLEMAN:**     **Depatmantal**

**ETABLISMAN:**         **JFK Medical Center & Johnson Rehabilitation Institute**

**TIT RÈGLEMAN:**       **Règleman Asistans Finansye & Faktirasyon/Règleman sou Koleksyon**

**DAT EFEKTIF:**     **04/06/2018**                                 **DAT REVIZE: 04/06/2018**

---

### **Règleman sou Asistans Finansye**

#### **I. OBJEKTIF:**

JFK Health System, Inc., ki gen ladan JFK Medical Center ak Johnson Rehabilitation Institute(kolektivman, "JFK"), angaje pou bay bon jan kalite sèvis swen sante a kominote nou yo epi fè efò pou asire ke tout pasyan yo resevwa ijans esansyèl ansanm avèk lòt swen sante ki nesèsè medikalman kèlkeswa kapasite peman yo.

#### **II. RÈGLEMAN:**

Règleman sou Asistans Finansye sa a ("FAP") ap dekri règleman sou asistans finansye ansanm avèk pratik yo pou JFK. Annakò avèk FAP sa a, JFK angaje pou bay asistans finansye a moun yo ki gen bezwen swen sante e ki pa gen asirans, ki manke asirans, ki pa kalifye pou lòt asistans gouvènman an oswa ki otreman pa ka peye pou ijans oswa lòt sèvis swen sante ki nesèsè medikalman baze sou sityasyon finansye endividyèl yo.

JFK ap bay, san diskriminasyon, swen pou kondisyon medikal ijans a moun yo kèlkeswa kalifikasyon yo pou asistans finansye oswa kapasite yo pou peye. Se règleman JFK pou konfòme avèk estanda Lwa Federal 1986 sou Tretman Medikal Ijans ak Travay aktif nan Travay ("EMTALA") ansanm avèk règleman EMTALA pou bay yon egzamen depistaj medikal ak plis tretman jan sa ka nesèsè pou estabilize yon kondisyon medikal ijans pou nenpòt moun kap vin chèche tretman nan depatman ijans lan. JFK pap angaje nan okenn aksyon ki dekouraje moun pou yo pa chèche swen medikal ijans, tankou nan mande pasyan depatman ijans yo pou yo peye anvan yo resevwa tretman pou kondisyon medikal ijans oswa lè yo otorize aktivite koleksyon dèt nan depatman ijans lan oswa nan lòt zòn kote kalite aktivite sa yo te kapab entèfere avèk dispozisyon swen ijans lan sou yon baz non-diskriminatwa.

Asistans Finansye disponib sèlman pou ijans oswa lòt sèvis swen sante ki nesèsè medikalman. Anplis, anplwaye JFK yo pa bay tout sèvis ke yo ofri nan etablisman lopital JFK yo e kidonk yo ka pa kouvri anba FAP sa a. Tanpri refere a Anèks A pou ka jwenn yon lis founisè ki bay sèvis swen sante ijans oswa lòt sèvis ki nesèsè medikalman nan etablisman lopital JFK yo. Anèks sa a spesifye ki founisè ki kouvri ansanm avèk kiyès ki pa kouvri anba FAP a. Yap revize lis founisè a epi mete l ajou chak twa mwa, si sa nesèsè.



### III. DEFINISYON:

Pou rezon FAP sa a, tèm ki anba yo defini nan fason ki annaprè yo:

*Kantite Lajan Faktire Anjeneral ("AGB"):* Konfòmeman a Seksyon Kòd Entènal Revni 501(r)(5), nan ka ijans oswa lòt swen ki nesesè medikalman, yo pap chaje pasyan ki kalifye pou FAP yo plis pase yon moun ki gen asirans ki kouvri pou kalite swen sa.

*Pousantaj AGB:* Yon pousantaj chaj brit ke yon etablisman lopital itilize pou detèmine AGB pou nenpòt ijans oswa lòt swen ki nesesè medikalman li bay yon moun ki kalifye pou asistans dapre FAP.

*Peryòd Aplikasyon:* Peryòd tan kote yon moun ka aplike pou asistans finansye. Pou satisfè kritè ki souliye nan IRC §501(r)(6), JFK otorize moun yo jiska yon lane (1) apati dat moun nan te resevwa premye bòdwo apre egzeyat li pou aplike pou asistans finansye.

*Kritè Kalifikasyon:* Kritè ki etabli nan FAP sa a (epi sipòte pa pwosedi) ki te itilize pou detèmine si ou non yon pasyan kalifye pou asistans finansye.

*Kondisyon Medikal Ijans:* Defini nan siyifikasyon seksyon 1867 nan Lwa sou Sekirite Sosyal (42 U.S.C. 1395dd).

*Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè ("ECAs"):* Tout pwosesis legal oswa jidisyè yo, sa ki gen ladan, men ki pa limite a, sezi salè, mete yon konfiskasyon sou pwopriyete epi rapòte l bay ajans kredi yo. ECA yo gen ladan lavant dèt yon moun a yon lòt pati, pwosè, konfiskasyon sou rezidans, arestasyon, lòt atachman, oswa lòt pwosesis koleksyon ki menm jan.

*Asistans Finansye:* Èd ofisyèl ke yo bay yon moun oswa òganizasyon nan fòm lajan, prè, rediksyon nan taks, elatriye. Annakò avèk FAP sa a, asistans finansye bay yon pasyan yon ijans gratis oswa a pri rabè pou lòt swen sante ki nesesè medikalman si yo reponn a kritè ki te etabli e yo detèmine kòm elijib.

*Fanmi:* Itilize definisyon Biwo Resansman, yon gwoup oswa de oswa plis moun ki abite ansanm e ki gen lyen pa nesans, maryaj, oswa adopsyon. Dapre règleman Sèvis Entènal Revni, si pasyan an reklame yon moun kòm yon depandan sou deklarasyon taks li, yo ka konsidere yon depandan pou rezon dispozisyon asistans finansye.

*Revni Brit Fanmi:* Yo detèmine Revni Brit Fanmi lè yo itilize definisyon Biwo Resansman, sa ki itilize revni ki annaprè a lè yap kalkile gid povrete:

- Revni touche, konpansasyon chomaj, konpansasyon travayè, Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Sipleman, asistans piblik, peman veteran, benefis sivivan, pansyon oswa revni retrèt, enterè, dividand, lwaye, redevans, revni byen imobilye, fidisi, asistans edikasyon, pansyon alimantè, sipò alimantè pou timoun, asistans ki soti andeyò kay la ak lòt resous divès;
- Benefis ki pa lajan kach tankou kupon manje ak sibvansyon pou lojman pa konte;
- Detèmine anvan sou baz taks;



# Hackensack Meridian Health JFK Medical Center

- Ekskli benefis oswa pèt kapital; ak
- Si yon moun ap viv avèk yon fanmi, ajoute revni tout manm fanmi an (ki pa gen lyen paran, tankou moun ki abite nan menm kay, pa konte).

*FAP-kalifye:* Moun ki kalifye pou èd finansye konplè oswa an pati dapre règleman sa a.

*Nivo Povrete Federal ("FPL"):* Yon mezi nivo revni Depatman Sante ak Sèvis Imen emèt chak ane. Yo itilize nivo povrete Federal pou detèmine kalifikasyon pou èd finansye.

*Frè Brit:* Etablisman Pri konplè lopital pou swen medikal ki konsistan ak epi egzaktman menm jan ke yo chaje pasyan yo anvan yo aplike nenpòt ki alokasyon kontraktiyèl, rabè oswa dediksyon.

*Sèvis ki nesèsè Medikalman:* Sèvis swen sante ke yon doktè, egzèsè jijman klinik pridan, ta bay yon pasyan nan bi pou evalye, dyagnostike oswa trete yon maladi, blesi, kondisyon oswa sentòm li, e ki se: (a) anakò avèk estanda pratik medikal ke yo jeneralman aksepte; (b) apwopriye klinikman; ak (c) pa sitou pou konvenyans pasyan an.

*Peryòd Notifikasyon:* Peryòd 120-jou, ki kòmanse nan dat premye faktirasyon apre egzeyat la, kote yo pa ka inisyè okenn ECA kont pasyan.

*Rezime Langaj Senp ("PLS"):* Yon deklarasyon alekri ki enfòme yon moun ke JFK ofri èd finansye dapre FAP sa a e li bay plis enfòmasyon nan yon fason ki klè, presiz ak fasil pou konprann.

*Pa gen ase Asirans:* Pasyan an gen kèk nivo asirans oswa asistans yon twazyèm pati men yo toujou gen depans ki soti nan pòch yo ki depase kapasite finansye yo.

*Pa gen Asirans:* Pasyan an pa gen yon nivo asirans oswa asistans yon twazyèm pati pou ede avèk reponn a obligasyon peman yo.

#### **IV. KRITÈ KALIFIKASYON POU ASISTANS FINANSYE:**

JFK ofri yon varyete pwogram asistans finansye pou ede pasyan ki pa gen asirans ak sila yo ki pa gen ase asirans. Pwogram asistans finansye a ki enkli anba bay sèvis swen sante oswa lòt sèvis ki nesèsè medikalman gratis oswa a pri rabè pou moun yo si yo reponn a kritè ki te etabli e yo detèmine kòm elijib.

#### **Pwogram Asistans Peman pou Swen Lopital New Jersey ("Charity Care")**

Charity Care se yon pwogram New Jersey kote swen gratis oswa a pri rabè disponib pou pasyan yo ki resevwa sèvis nan lopital ak andeyò lopital nan lopital ki bay swen entansif toupatou nan Eta New Jersey. Èd lopital ak swen pou frè redwi disponib sèlman pou swen ijans ki nesèsè medikalman.

Pasyan yo nan Johnson Rehabilitation Institute pa kalifye pou resevwa Charity Care pou sèvis reyabilitasyon. Eta New Jersey pa ranbouse etablisman reyabilitasyon yo pou sèvis sa yo.



# Hackensack Meridian *Health* JFK Medical Center

## Kalifikasyon

Pasyan yo ka kalifye pou Charity Care si yo se rezidan New Jersey ki:

- 1) Pa gen kouvèti asirans oswa asirans ki peye yon pati nan bòdwo lopital (pa gen asirans oswa pa gen ase asirans);  
2) Pa kalifye pou nenpòt asirans prive oswa gouvènman an patwone (tankou Medicaid); ak
- 2) Reponn a kritè kalifikasyon revni ak byen ki dekri anba.

## Kritè Kalifikasyon Revni

Pasyan yo ki gen yon revni fanmi brit ki mwens pase oswa egal a 200% nan Nivo Povrete Federal ("FPL") kalifye pou 100% asirans charity care.

Pasyan yo ki gen yon revni fanmi brit ki pi elve pase 200% men mwens pase oswa egal a 300% nan FPL kalifye pou swen a pri rabè.

## Kritè Byen

Charity Care gen ladan limit kalifikasyon ki deklare ke byen yon moun pa ka depase \$7,500 e byen fanmi an pa ka depase \$15,000 nan dat yap resevwa sèvis la.

## Kritè Rezidans

Charity Care ka disponib pou moun ki pa rezidan New Jersey, ki bezwen swen medikal touswit pou yon kondisyon medikal ijans.

Eta New Jersey etabli gid kalifikasyon Charity Care e ou ka jwenn plis enfòmasyon nan sitwèb ki annaprè a:

[http://www.state.nj.us/health/charitycare/documents/charitycare\\_factsheet\\_en.pdf](http://www.state.nj.us/health/charitycare/documents/charitycare_factsheet_en.pdf).

## **Lwa Piblik New Jersey sou Rabè pou Moun ki pa gen asirans 2008, C. 60 ("Rabè pou moun ki pa gen Asirans")**

Rabè New Jersey pou moun ki pa gen asirans disponib pou pasyan ki pa gen asirans yo.

### **Pwogram Care Compassionate (Swen Konpatisan)**

Tout pasyan yo ki potansyèlman kalifye ka fè tès depistaj epi aplike pou asistans Charity Care oswa yo ka aplike dirèkteman pou Pwogram Compassionate Care.

Pwogram JFK Compassionate Care disponib pou rezidan New Jersey ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans ki kalifye pou yon pati nan asistans Charity Care. Si yon moun kalifye pou Charity Care, men li pa resevwa 100% pwoteksyon Charity Care rabè Compassionate Care la ap aplike a rès balans lan.



# Hackensack Meridian Health JFK Medical Center

Moun yo ki pa gen asirans ki te fè tès depistaj pou Charity Care, men ki pa kalifye, elijib pou Pwogram /Compassionate Care pou moun ki pa gen asirans.

## V. **Aplike pou Asistans Finansye**

Reprezantan Finansye JFK yo ("Reprezantan Finansye") disponib pou ede pasyan yo ki ta swete aplike pou asistans finansye oswa pou etabli aranjman peman. Reprezantan Finansye yo ap travay avèk pasyan yo pou asire ke pasyan gen yon konpreyansyon konplè de tout pwogram ak pwosesis asistans finansye eta ak federal nan lopital ap ede avèk aplikasyon pou diferan pwogram gouvènman an epi bay konsèy sou kijan pou kontinye pandan tout pwosesis la.

Si fanmi w pa kalifye pou okenn kalite pwogram gouvènman, Reprezantan Finansye nou yo ap revize estati finansye w pou wè si ou reponn a kritè kalifikasyon pou Charity Care.

*Pwosesis Aplikasyon:*

Pasyan yo ki kwè ke yo kalifye pou asistans finansye dwe ranpli yon Aplikasyon pou Asistans Finansye ("Aplikasyon"). Reprezantan Finansye yo disponib pou ede pasyan yo avèk aplikasyon yo. Yo ka ranpli aplikasyon yo an pèsòn avèk yon Reprezantan Finansye epi soumèt li bay yon Reprezantan Finansye pou revizyon ak tretman.

Si yon pasyan ta renmen ranpli aplikasyon an avèk yon reprezantan finansye, yo ka rele pou mete yon randevou. Yon lòt fason yo ka vizite Depatman Admisyon an pou mande oswa resevwa enfòmasyon.

Reprezantan Finansye yo ap enfòme epi edike pasyan an sou tout kondisyon ansanm avèk kritè ki aplikab pou evalye kalifikasyon an. Apresa, pasyan yo gen obligasyon pou bay enfòmasyon pèsònèl, finansye ak lòt enfòmasyon divès avèk dokimantasyon sipò enpòtan pou pran yon desizyon sou bezwen finansye.

Reprezantan Finansye yo ap fè tout efò pou vizite pasyan yo ki nan lopital ki pa gen asirans nan yon efò pou enfòme yo sou tout pwogram finansye ki disponib pou yo. Reprezantan Finansye yo ap kontinye travay avèk pasyan ak/oswa fanmi yo annapè.

*Kote pou Jwenn yon Aplikasyon:*

Pasyan yo ki vle aplike pou asistans finansye ke yo ofri nan FAP sa a ka jwenn yon Aplikasyon sou sitwèb nou an: <https://jfkmc.org/patients-visitors/financial-resources>

Yo ka mande aplikasyon yo lè ou rele Biwo Biznis lan nan (732) 321-7566.

Kopi papyè Aplikasyon an disponib tou nan Biwo Admisyon an ki lokalize nan:



Hackensack  
Meridian *Health*  
JFK Medical Center

JFK Medical Center  
65 James Street  
Edison, NJ 08820

Reprezantan Finansye yo sou plas pou ede w Lendi - Vandredi apati 8:30 am – 5:00 pm.

Yo ka poste tout aplikasyon ki ranpli yo nan:

JFK Medical Center  
Admissions Office  
65 James Street  
Edison, NJ 08820

Desizyon asistans finansye ap fèt opli vit ke posib, men pa pita pase dis (10) jou ouvrab apati dat demann lan. Si yo pa bay ase dokiman, yap jije demann lan kòm yon aplikasyon enkonplè.

*Dokimantasyon obligatwa:*

Enfòmasyon ki annaprè a obligatwa pou ou, konjwen w, ak nenpòt timoun ki gen laj 21 ane ak pi ba:

- Deklarasyon revni Federal ki pi resan (1040);
- Idantifikasyon pèsonèl sètadi lisans chofè aktyèl, kat Sekirite Sosyal, batistè oswa paspò;
- Prèv adrès sètadi. bòdwo sèvis piblik, bòdwo telefòn oswa kontra lwaye apati dat yo te bay sèvis la;
- Kont chèk, epay, CD, IRA, 401K, Aksyon ak/oswa releve obligasyon sa ki gen ladan dat yo te bay sèvis yo;
- Dokimantasyon revni pou twa mwa imedyatman anvan dat yo te bay / pral bay sèvis. Nou ka aksepte souch peman pou tout 13 semèn yo oswa yon lèt travay ou avèk papyè a antèt ki deklare peman brit ou touche nan chak semèn sa yo endividyèlman;
- Si ou se yon travayè otonòm, nou dwe gen yon Deklarasyon Pwofi & Pèt ki prepare epi siyen pa yon kontab pou 3 mwa touswit anvan dat sèvis ou. Deklarasyon taks ak kont bank biznis egalman obligatwa;
- Si ou gen yon patenarya oswa kòporasyon, nou dwe gen yon lèt yon kontab avèk tiraj salè chak semèn. Deklarasyon taks ak kont bank biznis egalman obligatwa;
- Si w te kolekte chomaj, tanpri ba nou yon lèt kalifikasyon ansanm avèk souch konpansasyon chomaj apati twa mwa anvan dat sèvis oswa enpresyon sou òdinatè chak semèn;



# Hackensack Meridian *Health* JFK Medical Center

- Si ou resevwa Sekirite Sosyal, nou bezwen lèt "prim ou" pou ane yo te bay sèvis yo;
- Si ou resevwa yon pansyon, tanpri bay souch pou 3 mwa anvan dat sèvis ou oswa yon lèt ki sot nan konpayi kap bay pansyon an, deklare benefis brit ou chak mwa;
- Si ou abite avèk paran ou yo, menaj, zanmi, elatriye, nou bezwen yon lèt ki gen siyati yo ki bay adrès, nimewo telefòn, lyen yo gen avèk ou ak depi konbyen tan ou abite la;
- Si posib, nou bezwen yon kopi papyè divòs sa ki gen ladan sipò alimantè ak/oswa enfòmasyon sou pansyon; ak
- Si pitit ou nan laj 18-21 e li se yon etidyan aprentan nan kolèj, oswa si ou gen laj 22 ane oswa pi gran e ou se yon etidyan aprentan nan kolèj, tanpri bay dokiman sou prim finansye pou trimès kounye a ansanm avèk trimès anvan yo.

## VI. **Pwosed**

Anvan ou fè tès depistaj pou Charity Care, yo dwe teste aplikan yo pou detèmine posib kalifikasyon yo pou nenpòt benefis asirans tyès pati oswa pwogram asistans medikal ki ka peye pou bòdwo lopital la. Yo pap jije Pasyan yo kalifye pou Charity Care jiskaske yo detèmine ke yo pa kalifye pou nenpòt lòt pwogram asistans medikal (sètadi. Medicaid, Sekirite Sosyal).

Si yon moun pa kalifye pou nenpòt lòt pwogram asistans medikal, yo ka teste yo pou Charity Care. Si yon pasyan reponn a kritè pou 100% Charity Care, Pwogram Compassionate Care pou moun ki pa gen asirans pap aplike (frè yo ap deja kouvri okonplè).

Si yo jije yon pasyan kalifye pou yon pati nan Charity Care, pasyan an ap resevwa lèt desizyon pou kalite bagay sa (sa ki valab pou yon lane dapre gid Eta), e li pral resevwa tou yon lèt Patisipasyon pou Pwogram Compassionate Care la. Moun yo ki pa gen asirans ki pa kalifye pou pou Charity Care ap kalifye pou Pwogram Compassionate Care pou moun ki pa gen asirans yo.

Si pasyan an pretann ke li pa gen kouvèti asirans, yap mande yo pou siyen yon "atestasyon san asirans" anvan ke yo teste yo pou asistans finansye. Anplis, yap eksplike yo si annaprè yo bay asirans yo pap faktire asirans lan pou dat sèvis ki te deja kouvri anba Compassionate Care kòm pa tap jwenn referans ak/oswa otorizasyon oswa delè pou reklamasyon yo te ka pase. Nan wochen dat sèvis yo yap bezwen pou gen tout referans ak/oswa tout kondisyon asirans lan te satisfè anvan yo kontinye avèk tretman.

Lè yon pasyan bay kouvèti asirans toutfwa verifikasyon montre ke benefis yo te epwize oswa pa gen benefis pou sèvis yap bay yo. Yap mande yo pou siyen yon "avi non-asirans", ki bay rezon pou non-asirans lan ak akseptasyon pou moun nan responsab pèsònèlman. Lè sa a yap ofri pasyan yo Pwogram Swen Konpasyon pou sèvis ki pa kouvri yo/pou moun ki pa gen asirans yo.

Si pasyan an mande pou yo voye bòdwo bay asirans la alò ke l konnen sèvis la pa kouvri anba benefis li genyen an, yo pral eksplike l ke menm si refi Eksplikasyon Benefis la montre pasyan an pa responsab, yo pral pèsònèlman responsab akòz premye notifikasyon ki te di asirans lan pap kouvri l la.



# Hackensack Meridian *Health* JFK Medical Center

*Pwosesis pou Aplikasyon ki pa Konplè yo:*

Nan ka kote yo pa ka pran yon desizyon kalifikasyon-FAP touswit, Reprizantan Finansye yo pral mande aplikan an enfòmasyon siplemantè. JFK pral bay aplikan an toude avi vèbal ak ekri ki dekri enfòmasyon/dokiman siplemantè yo bezwen pou yo pran yon desizyon kalifikasyon-FAP ak pou yo bay pasyan an yon valè tan rezonab (30 jou) pou l bay dokiman yo mande yo. Pandan tan sa a, JFK, oswa nenpòt twazyèm pati kap travay sou non yo, pral sispann nenpòt ECA yo te deja pran pou yo jwenn peman jiskaske yo pran yon desizyon kalifikasyon-FAP.

*Pwosesis pou Aplikasyon ki Konplè:*

Yon fwa yo resevwa Aplikasyon an, JFK pral:

- Sispann nenpòt ECA kont moun nan (nenpòt twazyèm pati kap travay sou non JFK pral sispann ECA yo te antreprann tou);
- Pran ak dokimante yon desizyon Kalifikasyon-FAP nan yon tan ki apwopriye; ak
- Avèti responsab pati a oswa moun nan alekri de desizyon an ak baz desizyon an.

Yon moun ki kalifye pou asistans finansye pral jwenn avi alekri sou desizyon an. Annakò avèk IRC §501(r) JFK pral tou:

- Bay yon deklarasyon bòdwo ki montre valè lajan moun FAP-kalifye a dwe, kijan yo te detèmine montan sa a ak kijan pou yo jwenn enfòmasyon sou AGB a, si li aplikab;
- Retounen nenpòt peman anplis moun nan te bay; epi
- Travay avèk twazyèm pati kap travay sou non JFK pou pran mezi rezonab ki disponib pou ranvèsè nenpòt ECA yo te pran deja kont pasyan an pou kolekte dèt la.

## **VII. Baz pou Kalkile Montan yo Chaje**

Sa ki anba a montre baz kijan yo kalkile montan yo chaje moun ki FAP-kalifye pou aistans finansye konplè oswa pasyèl anba règleman sa a.

### **Swen Charite**

Si yon pasyan kalifye pou Swen Charite, Depatman Sante New Jersey pral detèmine frè kap soti nan pòch pasyan an nan sèvi avèk Orè Frè Sante (ki anba a).

<b>Reveni kòm yon pousantaj Gid Revni Povrete HHS</b>	<b>Pousantaj frè pou Pasyan an Peye</b>
Pi piti oswa egal a 200%	0%
Pi gro pase 200% men pi piti oswa egal a 225%	20%





# Hackensack Meridian Health JFK Medical Center

Pi gwo pase 225% men pi piti oswa egal a 250%	40%
Pi gwo pase 250% men pi piti oswa egal a 275%	60%
Pi gro pase 275% men pi piti oswa egal a 300%	80%
Pi gwo pase 300%	Gen Rabè ki Disponib pou Moun ki pa gen Asirans

Si pasyan ki nanechèl 20% a 80% yo responsab pou depans medikal peye ki depase 30% nan revni anyèl jeneral yo (tankou bòdwo lòt pati yo pa peye), lè sa a valè ki depase 30% an konsidere kòm asistans peman pou swen lopital.

### **Pwogram Swen Konpasyon/Rabè pou moun ki pa gen asirans**

Daprè P.L. 89-97 (42.U.S.C.s.1395 et seq) yap chaje moun ki kalifye yo yon montan ki reprezante yon valè ki pi piti pase 115% nan pousantaj peman ki aplikab anba pwogram Medicare federal oswa AGB yo (jan yo montre anba a)pou sèvis swen sante yo te bay pasyan an.

### **Pwogram Swen Konpasyon**

#### **Pwogram Swen Konpasyon - JFK Medical Center**

Balans peman pasyan JFK Medical Center ki kalifye pou Pwogram Rabè Swen Konpasyon yo pral redwi a yon valè ki pi piti pase 115% nan pousantaj ranbousman Medicare a baze sou DRG pou sèvis pasyanki entène nan etablisman ak APC/CLFS/Pati A Orè Frè/MPFS pou sèvis pasyan ki pa entène oswa AGB (jan yo montre anba a).

#### **Pwogram Swen Konpasyon - Johnson Rehabilitation Institute**

Balans peman pasyan Johnson Rehabilitation Institute ki kalifye pou Pwogram Rabè Swen Konpasyon JFK yo pral redwi a yon valè ki pi piti pase 115% nan pousantaj ranbousman Medicare a baze sou CMG a pou sèvis pasyan ki entène yo ak APC a oswa orè frè terapi pou sèvis pasyan ki pa entène JFK oswa AGB faktire (jan yo montre anba a).

### **AGB**

Daprè IRC §501(r)(5) JFK itilize Metòd Gade Dèyè a pou l kalkile AGB a. yo kalkile % pousantaj la chak ane e li baze sou tout reklamasyon pou Frè-pou-Sèvis Medicare pèmèt + tout moun ki gen asirans prive pou plis pase 12-mwa divize pa chaj jeneral ki asosye avèk reklamasyon sa yo. Yo mete % AGB ki aplikab la sou chaj jeneral la pou yo detèmine AGB a. Pousantaj AGB pour JFK Medical Center ak Johnson Rehabilitation Institute ale konsa:

JFK Medical Center: 25%

Johnson Rehabilitation Institute: 40%



# Hackensack Meridian *Health* JFK Medical Center

Nenpòt moun ki kalifye pou asistans finansye anba FAPsa a pap gen pou peye plis pase AGB pou nenpòt ijans oswa lòt sèvis swen sante ki nesèsè medikalman. Nenpòt moun ki gen kalifikasyon-FAPap toujou peye pi piti AGB a oswa nenpòt rabè ki disponib an règleman sa a.

## VIII. Gwo Piblisite

FAP a, Aplikasyon ak PLS yo tout disponib nan entènèt nan sit ki annapre a: <https://jfkmc.org/patients-visitors/financial-resources>

Kopi paye FAP a, Aplikasyon ak PLS yo disponib sou demann gratis pa lapòs e yo disponib nan plizyè zòn nan etablismanJFK yo. Sa gen ladann, men pa limite sèlman nan, sal ijans, zòn kote pasyan yo anrejistre ak Biwo Biznis la.

Yap ofri tout pasyanJFK yo yon kopi PLSla kòm yon pati nan pwosesis admisyon an. Nan ka kote gen yon sityasyon ki prezante, yap ofri pasyan an PLS la pandan pwosesis enskripsyon an, apre pasyan an resevwa atansyon medikal ki nesèsè a.

Yap afiche siy oswa afich ki pou enfòmasyon pasyan yo sou disponiblite asistans finansye yo byen vizib nan plas piblik yo tankou sal ijans, zòn kote pasyan yo anrejistre, Biwo Admisyon ak Biznis.

JFK fè bonjan efò pou l enfòmasyon manm kominote a sou disponiblite asistans finansye nan pale avèk manm kominote yo sou disponiblite asistans finansye ki genyen nan JFK lè gen evenman kominotè pandan ane a (tankou fwar sou sante, tès depistaj, sesyon edikasyon, elatriye).

JFK yo, FAP, Aplikasyon ak PLS yo disponib an Anglè ak nan lang natif natal popilasyon ki pa gen gwo kapasite nan Anglè ("LEP") ki reprezante mwens ke 1,000 moun oswa 5% nan kominote ki desèvi nan zòn sèvis prensipal JFK a.

JFK Medical Center bay entèprèt gratis, tradiksyon ak sèvis langaj siy pou moun LEP ak pasyan ki soud yo.

Nou ankouraje pasyan yo itilize sèvis entèpretasyon ki disponib pou diskisyon medikal ki enpòtan yo. Tretman swen pasyan enplike tèminezon medikal ki ka konplike nan nenpòt lang. Sèvis entèprèt ki disponib nan JFK Medical Center gen ladann entèprèt nan telefòn nan pi fò lang yo. Tradiksyon dokiman ki enpòtan ak materyèl pou edikasyon pasyan pou maladi komen yo disponib tou.

Si w bezwen yon entèprèt, entèprèt lang siy oswa yon tradiktè, tanpri kontakte Biwo Reprezantan Pasyan an nan ekstansyon. (732) 321-7566 oswa mande grefye admisyon an oswa enfimyè w pou ede w.

Nan ka kote gen yon ijans, Sèvis Referans ASL la (800) 275-7551 ka bay yon entèprèt langaj siy nan espas twa èdtan -- 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Sèvis pasyan an resevwa atravè ASL yo gratis. Sepandan, nou mande pou w notifiye Biwo Reprezantan Pasyan ansou non pasyan an ak entèprèt la pou JFK Medical Center ka fè aranjman ki nesèsè pou l peye sèvis yo te founi yo.



## Règleman pou Bòdwo ak Koleksyon

### I. Objektif

Pou asire ke tout bòdwo, kredi ak pratik pou koleksyon an akò avèk lwa Eta ak Federal, gid regilasyon ak règleman yo.

### II. Règleman

Règleman JFK se pou l konfòm akegzat nan bòdwo ak aktivite koleksyon yo. Objektif pou l satisfè tout kritè nan règleman sa a ka akonpli nan swiv pwosedi ki etabli nan dokiman sa a. Kooperasyon konplè ak tèt ansanm Biwo Biznis, Finans, sistèm Enfòmasyon ak Jesyon Founisè yo nesèsè pou objektif nou an.

### III. Pwosedi

Yon fwa asirans pasyan fè pwosesis reklamasyon an, JFK pral voye yon bòdwo bay pasyan an ki montre pasyan an responsablite l. Anplis, si yon pasyan gen yon kouvèti twazyèm pati yo pral resevwa yo bòdwo ki montre responsablite yo. Sa pral premye bòdwo pasyan ap resevwa apre egzayat li. Dat bòdwo ki sou bòdwo a pral kòmanse Peryòd Notifikasyon ak Aplikasyon an (dekri anwo a).

Aprè pasyan resevwa premye bòdwo apre egzayat li, JFK pral voye 3 lòt bòdwo ankò (total 4 deklarasyon bòdwo, nan entèval 28 jou) ak 2 lèt.

Si yo pa resevwa peman apre 4 bòdwo, JFK pral voye yon lèt pou enfòmasyon pasyan an alekri ke kont la pral nan koleksyon. Si yo pa resevwa peman nan espas 20 jou, lèt la pral gen ECAs (dekri anwo a) ki ka fè apre yo fin mete kont pasyan an nan koleksyon. Avi alekri a pral gen yon kopi PLS la tou.

Lè bòdwo retounen avèk mansyon ke pasyan an mouri oswa yo pa ka delivre li epiyo pa jwenn okenn lòt adrès kont yo lè sa a ale nan pre-koleksyon pou yo fè swivi ak verifikasyon.

#### *Koleksyon*

Nan peryòd voye bòdwo a JFK ka voye kont nan pre-koleksyon. Nan peryòd sa a, twazyèm pati kap travay nan non JFK a ka kontakte pasyan yo pa telefòn pou l kolekte peman. Yo pap pran okenn ECA kont yon pasyan pandan kont li nan peryòd pre-koleksyon an.

Aprè peryòd notifikasyon an ekspire, JFK pral voye kont pasyan an nan koleksyon. Teknik ajans koleksyon an pou l kolekte peman pral gen ladann rele nan telefòn, lèt ak sèten ECA. Tout aktivite yo pral dokimante konplètman nan sistèm bòdwo a e yo pral swiv tout règleman eta ki reglemante ajans koleksyon yo.

Si ajans koleksyon yo pa reyisi (pou yon peryòd ki pa depase 180 jou) yap retounen kont pasyan an nan JFK. Nan peryòd kont la retounen an, ajans koleksyon an pral enkli dokiman konplè sou aktivite yo ak rezilta kominikasyon yo genyen avèk pasyan an ansanm avèk dat yo retounen kont la nan JFK.



Hackensack  
Meridian *Health*  
JFK Medical Center

**IV. Konfòmite avèk IRC §501(r)(6)**

Annakò avèk IRC §501(r)(6), JFK pa angaje nan okenn ECA avan dat ekspirasyon nan Peryòd Notifikasyon an.

Aprè Peryòd Notifikasyon JFK, oswa nenpòt twazyèm pati kap travay sou non li, kapab inisyè ECA ki annapre yo kont yon pasyan pou yon balans ki poko peye si yo pa pran yon desizyon kalifikasyon-FAP oswa si yon moun pa kalifye pou asistans finansye.

- Bay ajans kredi konsomatè oswa biwo kredi move enfòmasyon sou moun nan;
- Mete yon dwa konfiskasyon sou pwopriyete yon moun;
- Esklizyon sou byen imobilye yon moun;
- Konekte oswa sezi kont bank yon moun oswa lòt pwopriyete pèsònèl;
- Kòmanse yon aksyon sivil kont yon moun; ak
- Diminye salè yon moun.

JFK ka otorize twazyèm pati yo kòmanse ECA sou kont pasyan ki delenkan yo aprè Peryòd Notifikasyon an. Yo pral asire yo fè efò ki rezonab pou detèmine si moun nan kalifye pou asistans finansye ou pa anba FAP sa a e li pral pran aksyon ki annapre yo omwen 30 jou avan pou l kòmanse nenpòt ECA:

1. Yo pral bay pasyan an yon avi alekri ki:

- (a) Montre de gen asistans finansye ki disponib pou pasyan ki kalifye yo;
- (b) Idantifye ECA JFK gen entansyon kòmanse yo pou l jwenn peman pou swen an; ak
- (c) Bay yon delè kote pou yo kòmanse ECA a.

2. Pasyan an te resewva yon kopi PLS a avèk notifikasyon an; epi

3. Yo te fè efò ki rezonab pou notifiye moun nan oralman sou FAP a ak kijan moun nan ka jwenn asistans avèk pwosesis Aplikasyon asistans finansye a.

JFK, ak founisè twazyèm pati kap travay pou yo a, pral aksepte ak fè pwosesis tout Aplikasyon pou asistans finansye ki disponib anba règleman sa a yo soumèt pandan Peryòd Aplikasyon an.



Hackensack  
Meridian *Health*  
JFK Medical Center

**Anèks A:**

**Lis Founisè JFK Medical Center ak Johnson Rehabilitation Institute**

Règleman Finansye JFK a aplike nan JFK Medical Center ak Johnson Rehabilitation Institute. Sèten doktè ak lòt founisè swen sante ki bay sèvis nan yon Sant Medikal JFK oswanan etablisman lopital Johnson Rehabilitation Institute pa oblije swiv Règleman Asistans Finansye sa a.

Sa ki annapre a se yon lis founisè, pa liy sèvis, ki bay sèvis ijans oswa lòt sèvis medikal ki nesèsè nan etablisman lopital la.

**Lis Founisè ki kouvri anba Règleman Asistans Finansyèsa a:**

- Yo pral bay.

**Lis Founisè ki pa kouvri anba Règleman Asistans Finansye sa a:**

- Yo pral bay.